# NOǴAYLÍLAR DÁWIRINDE TARIYXÍY QOSÍQLAR

**B.B.Turdıev** – *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ИСТОРИЧЕСКИЕ ПЕСНИ НОГАЙСКОГО ПЕРИОДА

**Б.Б.Турдыев** – *доктор философии исторических наук*
*Нукусский филиал государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# HISTORICAL SONG OF THE NOGAI PERIOD

**B.B.Turdyev** – *Doctor of Philosophy in History*
*Nukus branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan*

**Tayanch so‘zlar:** Oltin O‘rda, Edil, Jayiq, Qrimtog‘i, No‘g‘ay, Boysun, Katta no‘g‘ay.

**Резюме.** Mazkur maqolada Oltin O‘rda davridan buyon saqlanib qolgan tarixiy she’rlar tarixiy manbashunoslik nuqtai nazaridan tahlil qilinadi. «Qoraqalpoq» asaridagi she’rlarning mazmuni faqat quruq bayondan iborat bo‘lib qolmasdan, ularning ota-bobolari boshqa xalqlar bilan bir ittifoqda yashagan vaqtdagi turmush tarzini aks ettiradi.

**Ключевые слова**: Золотая Орда, Едил, Жаик, Крымтоги, Ногай, Байсун, Катта Ногай.

**Резюме.** В данной статье исторические поэмы, сохранившиеся со времен Золотой Орды, анализируются с точки зрения исторических источников. Содержание стихов в произведении «Коракалпог» представляет собой не просто сухое описание, а отражает образ жизни их предков, когда они жили в союзе с другими народами.

**Key words:** Golden Horde, Yedil, Zhaik, Krymtogi, Nogai, Baysun, Katta Nogai.

**Summary.** In this article, historical poems that have survived from the time of the Golden Horde are analyzed from the point of view of historical sources. The content of the poems in the work "Korakalpog" is not just a dry description, but reflects the way of life of their ancestors, when they lived in alliance with other peoples.

**Kirisiw.** Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretiwshiliginiń eń bir áhmiyetli tarawlarınıń biri — tariyxıy qosıqlar. Tariyxıy qosıqlarda belgili bir tariyxıy dáwirdiń siyasiy-ekonomikalıq jaǵdayları úlken tariyxıy sarraslıq penen belgilenedi. Sebebi, jámiyetlik rawajlanıwda xalıqtıń turmısına tikkeley tásir jasaǵan ájayıp tariyxıy waqıyalar, tariyxıy adamlar, tariyxıy orınlar hám qalalar haqqında sóz etiletuǵın óziniń ulıwma xalıqlıq dóretpelerine iye. Maqalada Altın Orda dáwirinen saqlanıp qalǵan tariyxıy qosıqlar tariyxıy derektanıw kóz-qarasınan talqılanadı.

**Ádebiyatlar analizi.** tariyxıy qosıqlarda xalıqtıń siyasiy-jámiyetlik turmısı óz súwretleniwin tapqan. Bul tariyxıy derekler haqqında Á.Qojıqbaev [3], N.Dáwqaraev [4] h.t.b. alımlardıń ilimiy miynetlerinde qunlı maǵlıwmatlar berilgen.

**Tiykarǵı bólim.** «Qaraqalpaq» qosıǵınıń waqıyaları kóp dáwirlerdi óz ishine aladı. Qaraqalpaq xalqınıń kóp ásirlik shejirelik ómir bayanı sıyaqlı kórinedi. Qosıqtıń sońǵı bólimlerinde xalıqtıń Jańadár’yadaǵı turmısı, onnan Xiywa xanlıǵı qol astına – Xorezmge kelip ornalasıw jaǵdayları sóz etiledi. Ásirese, Esengeldi, Jılgeldi, Aydos baba, Baraq batır hám t. b. tariyxıy bolǵan adamlardıń atları ushırasadı.

«Qaraqalpaq» qosıǵınıń mazmunı tek qurǵaq bayanlawlardan ibarat bolmastan, házirgi qaraqalpaq xalqının ata-babalarınıń basqa xalıqlar menen bir awqamda (qıpshaq, qańlı, noǵaylılar) jasaǵan waqıttaǵı tariyxıy turmıs jolın eske túsiredi:

Qıynalısıp hár kúni xalıqtın jaǵdayı,
Xesh bir waqta is kórmegen sarayı,
Ashlıq bolıp ketti xalıqtıń qolayı,
El bolıp Edilge kóshti qaraqalpaq.
Kóship barǵan jeri Qırımnıń tawı [1]

Edil, Jayıq, Qırımnıń tawı, Noǵaydıń xanı, Toqtamıs xan hám t.b. tariyxıy orınlar tariyxıy dáreklerge tuwra keledi. Hár qıylı zulımlıq, ashlıq, basıp alıwshılıq topılıslarınıń sebebinen Jiydeli-Baysınǵa qaraqalpaqlar XII ásirdiń birinshi yarımında kóship kelgen bolsa, Edil-Jayıqqa XIV ásirdiń baslarında kóship kelgen. Qosıqtıń mazmunına qaraǵanda Edil-Jayıqta qaraqalpaqlardıń kóp dáwirlerge deyin qonıs basıp turaqlı otırǵanlıǵın sóz etedi. Hátte, 130-140-jıl jasaǵan dep kórsetiledi. Bul qosıqta Altın Orda xanlıǵı xám noǵaylılar qáwim birikpelerindegi qaraqalpaqlardıń kún kóris jaǵdayları da sóz boladı.

«Qaraqalpaq» tariyxıy qosıǵında xalıqtıń siyasiy-jámiyetlik turmısı óz súwretleniwin tapqan.

Noǵaylardan shıqqan Shanjarxan edi,
Shanjardan, Mázixan er sultan edi [1].

Tariyxıy dáreklerde, XIII ásirdiń ekinshi yarımınan baslap Altın Ordanıń ishinde óz ara talaslar kúsheye baslaydı. Túrk, mongol urıwları pútkil awılları, qáwimleri menen Altın Ordadan túslik batısqa, shıǵısqa qaray kóshe basladı. Usınday bóleklenip

kóshiwdiń birewi – Mańǵıt qáwimleriniń kóshiwi boldı. XII ásirdiń aqırında Altın Ordanıń ásker basshılarınıń birewi bolǵan mıń bası Noǵay óziniń qarawındaǵı mańǵıt qáwimleri menen Altın Ordadan bólinip ketip qaladı. Usı waqıttan baslap noǵaylılar jóninde tariyxıy dereklerde kóp maǵlıwmatlar gezlesedi» [2:22].

Qaraqalpaq tariyxıy qosıqlarınıń ishindegi ásirese jırawlar repertuarlarınan sonsha jıllardan berli awızdan túspesten, áwladtan-áwladqa ótip, jetilisken kóp ǵana tarıyxıy tolǵawlar, termeler menen birge «Zaman», «Noǵaylı», «Ormanbet biy ólgende» dep atalatuǵın tariyxıy jır-tolǵawlar ushırasadı. Bul tolǵawlarda qalmaq basqınshılarınıń topılısına giriptar bolıp, óz qonısın ózgertken xalıqtıń awır jaǵdayı sóz boladı.

«Ormanbet biy» tolǵawında sırtqı dushpanlardıń qısımına shıday almay, óz qonısların Edil-Jayıq boylarınan Túrkistan hám onnan Xorezmge deyin kóship búlingen «Noǵaylı» qáwim birikpesine qosılǵan xalıqlardıń tariyxı, sonıń ishinde qaraqalpaq xalqı tariyxıy tirishiligi sóz boladı. Bul tolǵawdı bilmeytuǵın bir de jıraw joq. Hár bir jıraw óz ustazınan usı tolǵawdı úyreniw arqalı óziniń shákirtlik jolın basıp ótkenligi málim.

«Ormanbet biy» tolǵawı kóp ǵana tariyxıy dáwirlerdi óz ishine aladı. XVI ásirdiń ortalarında qalmaq basqınshılarınıń topılısı nátiyjesinde basqa xalıqlar menen birge qaraqalpaq xalqı da Edil-Jayıq boylarınan Túrkistanǵa kóshiwi hám onnan Xorezmge ornalasıwı sóz boladı.

«Ormanbet biy» tolǵawınıń basqa tolǵawlardan bir ózgesheligi-ondaǵı kompoziciyalıq qurılıstıń bolıwında. Tolǵawdıń basında xalıqtıń Edil menen Jayıqtan kóshiw sebepleri, Ormanbet biydiń óliwi, xalıqtıń basshısız qalıp daǵdarıw jaǵdayları beriledi de, endi dıqqat Ormanbet biydiń eń kishi qızı Sarısha sulıwdıń keńesin tıńlawǵa ótedi. Bunnan keyingi waqıyalar Sarısha sulıwdıń atına tirkele Bergen. Bir orında Sarısha sulıwdıń ulıwma noǵaylardıń awhalı, watanlaslarına bolǵan ókpesi hám xalıqtıń keleshek tágdirleri haqqında hátte Xorezmge barǵanan keyingi jaǵdaylarında úlken bilgirlik penen xalıqtıń keleshegin aytıp tolǵap beredi.

Ózbekstan Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi qol jazbalar fondında bul tolǵawdıń hár qıylı jılları jırawlardan jazıp alınǵan kóp ǵana variantları bar. Biraqta eń tiykarǵısı, usı variantlarda az ǵana ózgerislerdiń bar ekenligin aytpaganda barlıǵı da bir-birine uqsas keledi. Tolǵawdıń xalıq arasında saqlanǵan túp nusqası joq, kóp ǵana jawgershilik topılısları, basıp alıwshılıqtan óz qonısın tez-tez ózgertken xalıqta onıń túp nusqası haqqındaǵı máseleni qozǵawdıń ózi de orınsızlaw bolıp tabıladı. Biraq ta bir quwanıshlı jeri – Qaraqalpaqstan aymaǵınıń barlıq jerlerinde de bul tolǵaw keńnen taralǵan. Onı jıraw, baqsılardan basqa biletuǵın adamlar oǵada kóp.

«Ormanbet biy» tolǵawınıń jazıp alınǵan variantların salıstırıp qaraǵanımızda birewleri kútá qısqa bolsa, birewleri kólemli. 1970-jılı Shomanay rayonında Esemurat jırawdıń shákirti Jumabay Bazarovtan 300 qatardan ibarat tolǵawdıń kólemli tekstin jazıp alındı. Tolǵaw jırawdıń atqarıwında 1971-jılı N.Japaqov tárepinen magnit plenkasına jazıp alındı. Tolǵaw bılay baslanadı:

Burınǵı ótken zamanda,
Zamannıń áwel shaǵında,
Noǵaydıń tolı úyinde,
San mıń xalıqlı úy boldı,
Ormambettey biy boldı.[3:27].

Tolǵawda xalıqtıń Sarısha sulıwǵa aytqan ótinishleri, oǵan Sarıshanıń juwapları, yaǵnıy xalıqtıń keleshegi tuwralı bolǵan boljawlar Sarısha sulıwdıń tilinen beriledi.

«Noǵaylar» awqamına birikken kop ruwlardıń tariyxı beriledi. Mısalı: «Noǵaydıń tolı úyinde, san mıń úyli xalıq boldı,.. Ormambettey biy boldı. Edil menen Jayıqtan, jabıla kóshti kóp noǵay» t.b. sebeplerden xalıqtıń sergizdanlıqqa ushırap, ózleriniń ata mákanı bolǵan Edil-Jayıq dár'yasınıń boylarınan Sırdár'yaǵa - Túrkistanǵa kóshiw jaǵdayların tolıq túsiniwge boladı.

«Ormanbet biy» tolǵawı XVI-XVIII ásirdegi siyasiy-jámiyetlik dúzimdegi ózgerislerdi sóylep beredi. Altın Orda xanlıǵı qulaǵannan keyin XIV-XVI ásirlerdegi noǵaylılar awqamınıń payda bolıwı hám onıń qulaw sebepleri, posqınlardıń bunnan keyingi Túrkistandaǵı hám Xorezmdegi tágdirleri boljaw iretinde beriledi.

Bul dáwirlerdi sóz etetuǵın tariyxshı, ádebiyatshılar P.P.Ivanov, S.P.Tolstov, V.I.Jirmunskiy, M.O.Áwezov, T.A.Jdanko, E.Ismayılov, N.Dáwqaraev, S.Kamalov, M.Nurmuxamedov, I.Saǵitov, Q.Ayımbetov, Q,Maqsetov, K.Mámbetov hám t.b. ilimpazlardıń miynetlerinde bul dáwir keńinen talqın etilgen.

Qaraqalpaq qaxarmanlıq eposlarınıń kópshiligi «noǵaylı» dáwirinde payda bolǵan. Sebebi, dástanlarımızda «noǵaylı» sózi kóp ushırasadı. Onıń ústine «Ormanbet biy», «Zaman», «Noǵaylı», «Ormanbet biy ólgen kún» tolǵawları menen «Qaraqalpaq» degen tariyxıy qosıqta da tikkeley noǵaylı dáwirin sóz etetuǵın orınlar bar. Ormanbet biy tariyxıy bolǵan adam, ol noǵaylardıń xanı bolǵan. T.A.Jdanko Ormanbet biy iskerligi XVI ásirdiń ekinshi yarımına jatadı. Noǵaylar mırzası Ormambettiń atı usı dáwirdegi XVI-ásirdiń aqırı rus dokumentlerinde ushırasadı dep jazadı.

«XVI ásirdiń ortalarında, – deydi N.Dáwqaraev, – hár qıylı topılıslar nátiyjesinde noǵaylılar búline basladı. Noǵaylılar awqamına birikken qáwimler bir neshege bólinedi. Bulardıń bir qatarı Edildiń tómengi

jaǵına, Dárbent, Temir qapı, Qırımǵa qaray kóshti. Ekinshisi «Ullı noǵay» dep atalǵan bólegi Moskva jaqlı boldı hám soǵan tarttı. Úshinshi «Altı ulı» atanǵan bólegi (1587-j.) Jayıq dár'yasınan ótip, qazaq dalası arqalı Túrkistanǵa qarap kóshti. Ondaǵı maqseti Xorezmge ótip ketiw edi. Mine, qaraqalpaqlardıń XVI ásir ekinshi yarımındaǵı tariyxı usı «altı ulı» atanǵan noǵaylılar menen baylanıslı» [4:167].

«Noǵaylı», «Zaman», «Ormanbet biy» qusaǵan tolǵawlar, – deydi N.Dáwqaraev, – noǵaylılar awqamına birikken ruwlardıń ıdırap, óz aldına bóleklene baslaǵan waqıttaǵı hádiyselerin jır qıladı. Ormambet tariyxta bolgan adam. Ol XVI ásirdiń birinshi yarımında noǵaylılar búlinip, hár tárepke kóshkende Moskva jaqlı bolǵan adam. Altı ulı yamasa «Ullı noǵay» atanıp júrgen qaraqalpaqlardıń Xorezmge kóshiwine qarsı bolǵan adam» [4:167].

N.Dáwqaraev tolǵawdaǵı tiykarǵı waqıyalar menen Ormanbet biydiń tariyxıy poziciyasın túsindiriwge háreket etken. Ormanbet biy, onıń qızı Sarısha sulıw tariyxta bolǵan adamlar. Ormanbet biydiń unamlı hám unamsız iskerligi tariyxtan málim. Onıń ruslar menen jaqsı qatnasta bolıwı hám «Noǵaylılar» qáwim birikpesin basqarıwdaǵı onıń shólkemlestiriwshilik uqıbı ayrıqsha.

Tariyxıy qosıqlar tolǵaw, dástúr, salt jırları hám dástanlar menen de tıǵız baylanıslı. Tariyxıy shınlıqtı, tariyxıy orınlardı, adamlardı tanıstıratuǵın zarlı tolǵawlar da ushırasadı. Mısalı, xalqımız Edil-Jayıqta kóp dáwirler jasaǵan, jawgershiliktiń apatı nátiyjesinde óz mákanınan ayırıladı. Bul jaǵdaylar zarlı qosıq katarları menen beriledi:

Edildiń qara suwları,
Abırjırmeken suwıqta.

Jawgershiliktiń awır salmaǵın ekinshi bir tolǵawda:

Edildi aldı - eldi aldı,
Jayıqtı aldı - jaydı aldı.

N.Dáwqaraev hám Q.Ayımbetov ilimiy jumıslarında tolǵawdıń tariyxına qısqasha toqtaydı da, onıń mazmunın qısqa tanıstıradı. Analizge túsken tolǵawdıń variantı da kútá qısqa hám tiykarǵı nusqaları alınǵan. «Ormanbet biy» tolǵawınıń kólemi 300 qatarǵa shamalas. Tolǵawdıń burıngı variantınan ózgesheligi sonda, Xorezmge kelip ornalasqan xalıqtıń barlıq jaǵdayları aldın-ala tanıstırıladı. Tolǵawdıń bul variantında XVI ásirden XVIII ásirge deyingi geybir tariyxıy waqıyalar sóz boladı.

Tolǵaw Sarısha sulıwdıń tilinen, ulıwma xalıq ótinishi iretinde posqınshılıqqa ushıragan xalıqtıń keleshegin aytıp tolǵaydı. Tolǵawdıń dáslepki kirisiw bóliminde eki nárse sóz boladı. Birinshiden, xalıqtın Edil-Jayıqta san mıń xalıqlı úy bolganlıǵı, Ormambettey biy bolǵanı, aqırında onıń ólimine baylanıslı qalıń noǵay búlingenligi aytıladı. Xalıq basındaǵı awır jaǵdayǵa qabırǵası qayısqan biylerdiń keńesi hám olar xalıqtıń keleshegi tuwralı Ormanbet biydiń kishi qızı sózi menen beriledi.

Noǵaylınıń elinde,
Qádeli ósken qariyası,
Jigerli ósken jigiti,
Jámááti jám bolıp [3:32].

Bunnan keyin tolǵawda xalıqtıń Sarısha sulıwdan soraǵan ótinishi beriledi. Dástanlardaǵı baylanıstırıwshı nasır sóz sıyaqlı jırawdıń sózi arqalı Sarısha sulıwdıń sózi baslanadı. Onda xalqına bolǵan ókpesi, xalıqtıń keleshegi aldın ala úlken wáliylik penen beriledi:

Gáwhardan tuwǵan qıyaqsań,
Sónbeytuǵın shıraqsan [3:32].

Tolǵawdıń dıqqat bólerlik orınları oǵada kóp. Tolǵawdıń Sarısha sulıwdıń tilinen – pútkil xalıq atınan sóylewine qaramastan tolǵawdıń "Ormanbet biy" dep atalıwına hayran qalasań. Múmkin, tolǵaw noǵaylılarǵa arnalǵanlıqtan onıń biyi Ormanbet biydiń atı menen atalıwı durıs ta shıǵar. Tolǵawdıń mazmunına tereńirek ser salıp qaraǵanımızda xalıq Sarısha sulıwdı da joqarı bahalaydı. Tolǵawda Sarıshanı jaqsıdan, hasıldan, wáliyden qalǵan jalǵız tuyaq, jalǵız zúriyat dep, hátte "sónbeytuǵın shıraqsań" dep onı ulıwma xalıqtıń sóyler tili, keleshegi iretinde simvollastırıp berilgen. Sarısha sulıwdıń tolǵawı:

Há, Noǵayım, Noǵayım,
Ketti seniń qolayıń,
Tilde barın tolǵayın.
Nashar kórdiń bul basım [3:33].

Bunnan keyin tolǵawda xalıqtıń posıp barıp qonıs basatuǵın orınları, jaylaǵan mákan orınları hám t.b. tariyxıy jer, dár'ya, qonıs atamaları izli-izinen tanıstırıladı. Bul tariyxıy jır jırawlardıń aytıwına qolaylı terme-tolǵaw formasında beriledi.

Há, Noǵayım, Noǵayım,
Aldıńnan basshı ketken soń,
Xalqım posıp kóshersең,
Sarazbanlı Sarı taw [3:33].

Tolǵawda xalıqtıń Edil-Jayıqtan Túrkistan – Sırdár'ya boyına qonıslasıwı, onnan tórt ay on kún jol júrip Úrgench-Xorezmge keliw jaǵdayları hám bul jerlerdegi kóp ǵana tariyxıy orınlardıń atamaları durıs beriledi. Tolǵawdıń sóz etiw baǵdarı qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy qonıslasıw hám qonıs ózgertiw tariyxı menen tolıq sáykes keledi. Bul jaǵdaylar "Qaraqalpaq" tariyxıy qosıǵın analiz etken waqıtta aytıldı.

Tiykarınan alǵanda, Noǵaylılarǵa qalmaqlardıń topılısı, ekinshiden, qazaq dalası arkalı Xorezmge ótiw waqtındaǵı qazaqlardıń topılısı, úshinshiden, Edil-Jayıqtı taslap, basqa orınǵa kóshiwge Ormambet hám onıń áwladlarınıń qarsı bolıwı hám noǵaylardıń bas biyi Ormambettiń óliwi «On eki san noǵaydıń» búlginshilikke ushırawına, yaǵnıy olardıń hár tárepke kóshiwinń tiykar boldı, «Ormanbet biy ólgende»

tolǵawınıń baxalılıǵı da sonda, «Noǵaylılar» awqamına birikken qaraqalpaqlardıń jokarıdaǵı eske túsirgen tariyxıy jaǵdaylardı sóz etiwge arnalıwında.

Bul tolǵawdıń qaraqalpaq xalıq awız eki dóretpeleri tariyxındaǵı tariyxıy bolgan estelik iretindegi ornı da baxalı. Tariyxıy bolǵan waqıyalar, bolǵan tariyxıy adamlar haqqında da bahalı materiallar beredi.

Solay etip, xalıq arasına taralǵan "Ormanbet biy" tolǵawınıń derlik barlıq variantlarında noǵaylılar aýqamına birikken qaraqalpaqlardıń kóp dáwirlik kún kóris jaǵdayları sóz etiledi. Bul tolǵawdıń jazılıw stili, kórkemligi, tiliniń xalıqqa túsinikli jaydarılıǵı menen ózgeshelenedi. Ekinshiden, Qarakalpaqstan aymaǵınan jazıp alınǵan tolǵawdıń tiykarǵı úlgilerin basqa tuwısqan xalıqlardıń awızeki dóretpelerine salıstırǵanda da kóp ǵana únleslik hám uqsaslıqlar ushırasadı.

Tolǵawdıń erterekte xalıq tárepinen dóretilip, onıń dáslepki bir nusqası tiykarında jıraw-baqsılar tárepinen áwladtan-áwladqa kelip jetken hám onı atqarıwshılar tárepinen tolıqtırılıp, ısılıp bir qatar ózgerislerge ushıraǵanlıǵı kórinip tur.

"Ormanbet biydiń tolǵawı" menen únles, ondaǵı sóz etiletuǵın Asan qayǵınıń, Soppaslı Sıpıra jırawdıń kóp ǵana terme tolǵawları da bar. Xalıq awzınan jazıp alınǵan "Noǵaylı", "Zaman", "Ormanbet biy ólgen kún", "El eken", "Talan boldı dún'ya-mal" hám t.b. qatarlar menen baslanatuǵın terme-tolǵawlarda da xalqımızdıń tariyxıy kún kórisi, tilekleri menen keleshek ármanları óz súwretleniwin tapqan [5].

**Juwmaq.** Solay etip, qaraqalpaq tariyxıy qosıqlarınıń rawajlanıw hám qáliplesiwi kóp dáwirlerdi óz ishine aladı. Onıń tematikalıq diapozonı keń bolıp, fol'klorlıq shıǵarmalardıń barlıq janrları menen tıǵız baylanıslı túrde rawajlanıw menen birge, qaraqalpaq xalqınıń siyasiy-jámiyetlik turmısınıń derlik barlıq dáwirlerin eske túsiredi. Tariyxıy qosıqlar, jır hám tolǵaw, termeler barlıq waqıt xalıq turmısına tıǵız baylanıslı túrde payda boldı, taraldı.

## Ádebiyatlar

1. «Қарақалпақ» тарийхый қосығы. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими қол жазбалар фонды, инв 34657.

2. История народов Узбекистана. том II. – Ташкент: Изд-во. АН Уз ССР, 1947.

3. Кожыкбаев Ә. Тарийхый қосықлар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.

4. Дәўқараев Н. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. ӨзРИА ҚБ қол жазбалар фонды, том 36. инв. 37539.

5. Қарақалпақ халық қосықлары. – Нөкис: ҚМБ, 1965.